**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД "Шавинская СОШ Цумадинского района"**

СОГЛАСОВАНО

Зам.директора по УВР

________________

Гаирбеков Ш.С.

Приказ № 31

от «30» авг. 2023 г.

УТВЕРЖДЕНО

директор ГКОУ РД "Шавинская СОШ Цумадинского района"

________________

Нуралиева С.С.

Приказ № 31

от «30» авг. 2023 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родной язык и литература»**

для обучающихся 4б класса

**с. Шава 2023г.**

-

# Авар мац1 Программаялъе баян

Программа х1адур гьабуна байбихьул школалда т1уразаризе х1исабалде росарал х1асилалги, Обществоялда инсанасулрух1ияб рахъ, хьвада-ч1вадиялъул къаг1идаби церет1еялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьоч1ое росун.

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидерпрактикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. **Нахъг1унт1иялъулаб мурад** (мац1алъул х1акъалъулъ бугеб г1елмуялъул аслиял бут1абазулгун лъай-хъвай гьабива гьелъул кьуч1алда ц1алдохъабазул логикияб пикру ва г1аламаталгин символикияб бич1ч1и лъугьинаби);

2. **Социокультурияб мурад** (ц1алдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: к1алзул ва хъвавул калам,монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалат1ал риччачIого, хъваялъул бажари цебет1езаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мац1 лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал т1уразе:

а) т1олго инсаниябгин моралияб бечелъи бот1ролъе боси, творческияб

къаг1идаялъ х1алт1иялъул бажари цебет1езаби;б) сверухъ бугеб

х1акъикъаталъул, г1адамазул жамг1ияталъул ва т1абиг1аталъул х1акъалъулъ

лъималазул бугеб цо
ч1ванкъот1араб бич1ч1и бечелъизаби;

в) жалго жидедаго ч1ун, х1алт1иялъул къаг1идаби лъай;

г) ц1алул дарсазде, т1ехьалде (лъаялъул иццалде) гьира бижизаби.

-

Авар мац1 лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздасан. Гьелъул маг1на ккола щивав ц1алдохъанасул хаслъи х1исабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бич1ч1и.

## Курсалъул г1аммаб характеристика

Авар мац1алъул кумекалдалъун программаялъ к1вар буссинабун буго «Филология» абураб г1елмияб бут1аялъул гьал хадусел масъалаби т1уразариялде:

1. Дагъистаналъул мац1ал ва маданиятал бат1и-бат1иял рук1иналъул ва гьел цоцада рухьарал рук1иналъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и лъугьинаби;
2. К1алзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебет1езаби;
3. Цоцада хурхен гьабиялъулаб бажари цебет1езаби;
4. Рух1ияб ва эстетикияб бич1ч1и лъугьин;
5. Творческияб къаг1идаялъ х1алт1иялъул бажари цебет1езаби.

Рахьдал мац1 малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби т1уразаризе рихьизарун руго: - цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мац1алъул алатал т1аса рищиялъул бажари, ц1алдохъабазул калам, рек1елъ щибниги жо цебеч1езабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебет1езаби;

- авар мац1алъул г1уц1иялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул, орфоэпиялъул, морфемикалъул (раг1ул г1уц1иялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул х1акъалъулъ бищунго г1адатиял баянал ц1алдохъабазе щвей;

-

- жиндирго пикру бицине, зах1матаб гуреб хъвавул текст г1уц1изе, диалогалъулъ г1ахьаллъизе, бит1ун хъвазе ва ц1ализе бугеб бажари лъугьинаби;

- жиндирго калам камиллъизабизе х1аракат бахъи, мац1 лъазабизе гъира бижизаби, мац1алъул бац1ц1алъи ц1униялъулъ жалги г1ахьалал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1и, гьезулъ мац1алдехун бугеб къиматаб бербалагьи ц1ик1к1инаби.

Авар мац1алъул курс байбихьула хъвазе-ц1ализе малъиялдаса. Хъвазе-ц1ализе малъула сентябралдаса байбихьун апрелалде щвезег1ан. Лъималазда материал лъаялда бан, муг1алимасул ихтияр буго хъвай-ц1али малъизе бихьизабураб заман дагь гьабизе, ялъуни ц1ик1к1инабизе. Хъвазе-ц1ализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгин синтетикияб методалдалъун. Хъвай-ц1али малъиялъул масъалаби ц1ализе малъиялъул дарсаздаги хъвадаризе ругьун гьариялъул дарсаздаги т1урала, ай хъвай-ц1али малъи ккола цадахъаб тадбир: ц1ализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щула гьабула, калам цебет1езабиялъул х1алт1аби т1орит1улаго.

Хъвай-ц1али малъи г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан:

1. Х1адурлъиялъул заман.
2. Х1арпал малъулеб (букварияб) заман.

Гьеб к1иябго заманалда муг1алимас унго-унгояб к1вар кьезе ккола лъималаз гьаркьал рит1ун рахъиялде, гьезда хъвазе-ц1ализе малъиялде, гьезул раг1ул нахърател бечед гьабиялде, калам цебет1езабиялде.

Дарсазда лъимал ругьун гьарула предложениял раг1абазде, раг1аби слогазде риххизе; раг1абазулъ гьаркьазул тартиб бижизабизе, гьезда гьоркьоб бухьен ч1езабизе. Лъималаз лъазабула гьаркьал х1арпаздалъун рихьизаризе; раг1аби, слогал г1уц1изе ва ц1ализе; бич1ч1ун, бит1ун цин слогалккун, цинги раг1абиккун предложениял ва цоцазда хурхараб калам ц1ализе.

-

Ц1ализе ругьун гьариялда цадахъ лъималазда хъвазеги малъула. Гьел ругьун гьарула гьаркьал х1арпаздалъун хъвазе, къот1-къот1араб азбукаялъул кумекалдалъун х1арпаздасан, слогаздасан раг1аби данде гьаризе, хъвавул ва басмаялъулаб тексталдаса х1арпал ва раг1аби бит1ун хъвазе, муг1алимас абурал хъваялъульги ц1алиялъульги бат1алъи гьеч1ел раг1аби ва гьединал раг1абаздасан данде гьарурал къокъал предложениял хъвазе, предложениялъул авалалда ва г1адамазул, х1айваназул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе.

Бит1унхъваялъул ва ц1алиялъул иш мурадалде щвеялъе г1оло цIикIкIараб к1вар кьола раг1улъ ва слогалъулъ щибаб гьаракь бат1абахъиялде ва бихьизабиялде, гьел гьаркьазул тартиб ва цоцазда гьоркьоб бухьен ч1езабиялде; ц1алдохъабазул каламалъул лугби камиллъизариялде ва гьаркьал, слогал, раг1аби бит1ун абиялде.

Хъвай-ц1али малъиялъул дарсазда лъималазул цогидазухъ г1енеккизе, муг1алимасул ва цогидал ц1алдохъабазул калам т1убанго бич1ч1изе бугеб бажари камил гьабула. Лъимал ругьунлъула классалда цере к1алъазе, муг1алимас лъурал суалазе жавабал кьезе, къвариг1араб жо гьикъизе, ц1аларап жоялъул, лъаг1алил ункъабго заманалда жаниб г1адамаз гьабулеб х1алт1ул хаслъиялъул ва хисардулеб т1абиг1аталда хадуб жидерго халкквеязул, ралагьарал фильмазул х1акъалъулъ бицине.

Гьединго хъвай-ц1али малъиялъул дарсал т1орит1улаго, ц1алдохъабазул лъугьуна ц1алиялъул бищун г1адатаб бажари. Т1оцебесеб классалда лъимал ругьунлъула бич1ч1ун, бит1ун, г1едег1ич1ого цIализе, т1ехьгун ва текстгун х1алт1изе. Хъвазе-ц1ализе малъулелъул, лъималазул психологиял хаслъабиги х1исабалде росун, муг1алимас дарсазда бат1ибат1иял х1алт1аби т1орит1ула, гьединго лъимал т1амула свак чучиялъе физкультминутка, расанди гьабизе ва куч1дул ах1изе.

Хъвазе-ц1ализе малъун хадуб авар мац1алъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мац1алъул курс г1у1Iун буго гьал хадусел бут1абаздасан:

- Фонетика ва орфоэпия

-

- Графика
- Лексика
- Раг1ул г1уц1и (морфемика)
- Грамматика (морфология ва синтиксис)
- Бит1унхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къаг1идаби (пунктуация)  Калам цебет1ей.

Программаялда авар мац1алъул курсалъул х1акъалъулъ, лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун, бищун г1адатал (авалиял) баянал кьун руго. Мац1алъул г1емерисел бут1аби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула. Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги х1исабалде босун, гьел мац1алъул бут1аби ва темаби гъварид ва г1ат1ид гьаризе. Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги ц1алдохъабазе щола 1 ва 2 классалда. Гьеб заманалда ц1алдохъабазе щола гьаркьазул ва х1арпазул, рагьаралги рагьукъалги гьаркьазул, геминатазул ва лабиалиял гьаркьазул, алфавиталъул, удариениялъул ва слогалъул х1акъалъулъ авалиял баянал. Лъималазда бажарула раг1улъ гьаркьал бит1ун абизе, абураб ва хъвараб раг1улъ гьаркьал ва х1арпал данде кквезе, алфавиталда ругел х1арпазул ц1арал бит1ун абизе, раг1улъ гьаркьазул тартиб ч1езабизе, х1арпал гьоркьор ричча ч1ого ва гьезул бак1 хисич1ого раг1аби хъвазе, слогалккун раг1аби рикьизе, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рат1а рахъизе, лабиалиял гьаркьал бит1ун абизе ва раг1улъ гьел х1арпаздалъун бит1ун рихьизаризе, геминатал бит1ун абизе ва раг1улъ гьел х1арпаздалъун бит1ун рихьизаризе. III-IV классаздаги гьеб темаялда т1ад х1алт1и гьабула гьоркьоса къот1ич1ого. Лъималазда малъула гьаркьал х1арпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал рит1ун рахъизе, гьел рихьизарулел х1арпал рит1ун хъвазе, раг1и слогазде бикьизе, раг1улъ ударение бугебги гьеч1ебги слог бат1а бахъизе.

Лексикаялда хурхарал х1алт1аби гьарула ункъабго лъаг1алида жаниб. Гьединал х1алт1аби т1орит1ула грамматика, раг1ул г1уц1и ва бит1унхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, ц1алул, бит1унхъваялъул ва калам цебет1езабиялъул дарсазда лъималазда лъала предметал, г1аламатал, ишал рихьизарулел раг1абазул ц1арал рит1ун х1алт1изаризе, жидерго пикру загьир гьабизе, къвариг1араб раг1и балагьизе. Гьединго гьез лъай-хъвай гьабула синонимазулгун, антонимазулгун, бит1араб ва хъвалсараб, цо ва г1емер маг1наялъул раг1абазулгун.

Раг1ул г1уц1иялъулгун ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала раг1улъ маг1наял бут1аби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун ц1иял раг1аби лъугьинаризе, кьибил цоял раг1аби цого цо раг1ул формабаздаса рат1а гьаризе; раг1ул форма яги ц1ияб раг1и лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал бит1ун хисизе.

Байбихьул классазда малъула каламалъул бут1абиги. Т1оцебесеб классалда, терминалги абич1ого, определение кьеч1ого, суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предмет, предметалъул г1аламатал, предметалъул иш бихьизабулел раг1аби каламалъулъ х1алт1изаризе, суалазда рекъон предложениязда жанир гьел рат1а рахъизе. К1иабилеб классалда предмет, предметалъул г1аламатал, предметалъул иш бихьизабулел раг1абазул кьуч1алда лъималаз лъай-хъвай гьабула предметияб ц1аралъулгун, прилагательноялъулгун ва глаголалъулгун. Лъабабилеб ва укъабилеб классазда гьелго каламалъул бут1аби дагьалги гъваридго малъула. Глагол заманабазде хисизабизе, предметияб ц1ар падежазде сверизабизе, гьединго прилагательноял жинсазде ва г1емерлъул формаялде хисизаризе жеги г1ат1идго ругьунлъула. Предметияб ц1аралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва г1емерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадияб форма малъула 3 абилеб классалда. Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бак1алъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абич1ого, практикияб къаг1идаялъ). Гьелда т1адеги, 3 – 4 классазда ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула ц1арубак1алъулгун ва рик1к1еналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къаг1идаялъ. Наречиялъул х1акъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бак1, заман, къадар, г1илла-мурад баян гьабулеб каламалъул бут1а кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай? Киг1ан? абурал суалазе жаваблъун бач1унеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазе щола гьадинал баянал:

1. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги балагьун, гьелъул тайпаби;
2. Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал;

-

3. Предложениялда жаниб раг1абазул бухьен;

4. Т1ибитIараб ва т1ибит1ич1еб предложение;

5. Г1адатаб ва жубараб предложение; 6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. Раг1абазул дандрай.

Гьезул х1акъалъулъ баян ц1алдохъабазе щибаб классалда дагь-дагьккун щола.

Т1оцебесеб классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде бихxизе, раг1абаздаса предложениял рат1а гьаризе, гьел, интонацияги ц1унун, ц1ализе, предложениялъул авалалда к1удияб х1арп хъвазе, ахиралда т1анк1 лъезе. К1иабилеб классалда ц1алдохъабазда малъула предложениялъул бет1ерал членал, кколеб интонацияги ц1унун, предложение ц1ализе, предложениялъул ахиралда т1анк1, суалияб ва ах1ул ишараби лъезе.

Лъабабилеб классалда ц1алдохъабазе щола раг1абазул дандраялъул, хабарияб, суалияб, т1алабияб ва ах1ул предложениязул, предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членазул, г1адатал т1ирит1арал ва т1ирит1ич1ел предложениязул, г1адатал ва журарал предложениязул х1акъалъулъ баянал. Ункъабилеб классалда лъимал ругьун гьарула тайпа цоял членалгун предложениял г1уц1изе ва гьел рит1ун ц1ализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бут1аби лъазарулаго, гьоркьоса къот1ич1ого, т1орит1ула предложениялъулъ раг1абазул бухьен ч1езабиялда, раг1абазул дандраял рат1а гьариялда ва гьел г1уц1иялда хурхарал х1алт1аби. Классалдаса классалде гъварилъула г1адатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къаг1идабиги.

**Текст. Бухьараб калам цебет1езаби** абураб бут1аялъулъ аслияб бак1 ккола тексталда т1ад гьабулеб х1алт1иялъги гьеб текст бич1ч1изе ва г1уц1изе, гьединго тексталда т1аса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул х1алт1абазги.

-

Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда тексталда тIад хIалтIула т1убараб ц1алул соналда. Х1акъикъаталда к1алзул ва хъвавул формаялда тексталда т1ад х1алт1и щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мац1алда т1аса щвараб лъаялдаса жидер калам цебет1езабиялъулъ пайда босизе.

**«Текст. Бухьараб калам цебет1езаби»** абураб разделалъулъ тексталда т1ад гьабулеб х1алт1и гьал хадусел бут1абаздасан г1уц1ун буго: - тексталъул х1акъалъулъ бич1ч1и (текст ккола маг1наялъул ва грамматикияб рахъалъ к1иго я ц1ик1к1ун цоцазда рухьарал предложениял); текст ва г1аммаб темаялъ цолъизаричIел, бат1аго ругел предложениял цоцаздаса рат1а гьариялъул бажари лъугьинаби;

- тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги х1акъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема ч1езабизе бажари, ай тексталъулъ сундул х1акъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;
- тексталъул аслияб пикру; муг1алимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;
- тексталда ц1ар лъей; тексталда ц1ар лъезе бажари (тексталъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги ч1ван);
- тексталъул г1уц1и; хабарияб текст бут1абазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бут1а ва ахир);
- тексталъул бут1абазда гьоркьоб бугеб бухьен; тексталъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бут1а ва байбихьи яги аслияб бут1а ва ахир цоцазда рухьарал раг1аби ратизе бажари; г1уц1улеб тексталъул бут1абазда гьоркьоб бухьен ч1езабизе бажари;
- тексталъул щибаб бут1аялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениял цоцазда рухьарал раг1аби ратизе бажари, масала: ц1арубак1ал, союзал;

-

- текстальулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; текстальулъ метафорал, эпитетал, дандекквеял, олицетворениял рихьизаризе бажари; гьел киналго жидер каламалъулъ х1алт1изаризе бажари;

- текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

- изложениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и; х1адурараб, яги киназго цадахъ г1уц1араб, ялъуни живго жиндаго ч1ун г1уц1араб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун) ц1и гьабун хъвазе бажари;

- сочинениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда т1асан, гьединго цо кинаб бугониги темаялда т1асан текст г1уц1изе бажари; цебеккунго киналго г1ахьаллъун дандбараб текст хъвазе бажари;

Тексталда т1ад х1алт1улаго, х1исабалде росула гьелъул х1асил, г1уц1и ва сипат-сурат гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе г1оло программаялъ т1алаб гьабулеб буго рич1ч1изе бигьаял гьал хадусел литературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

- раг1аби бит1ун аби (орфоэпиял нормаби);

- предложениял бит1ун г1уц1и ва раг1абазул дандраязулъ раг1абазул формаби бит1ун х1алт1изари (грамматикиял нормаби);

- маг1наялъул рахъги х1исабалде босун, раг1аби бит1ун х1алт1изари (раг1аби х1алт1изариялъул къаг1идаби);

Ц1алдохъанасул калам цебет1езабиялъулъ х1акъикъиял х1асилал кьезе ккани, гьезда литературияб мац1алъул

-

нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай г1оларо, къвариг1уна авар мац1алъул ва ц1алиялъул дарсазда, гьоркьоса къот1ич1ого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мац1алъул нормабазда т1ад х1алт1и практикияб къаг1идаялъ гьабула. Гьеб х1алт1и т1обит1ула рахьдал мац1алъул темаби лъазарулагоги, класс тун къват1исел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги, ц1алиялъул дарсаздаги т1убараб ц1алул лъаг1елалъ. Ц1алдохъаби ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалат1ал цоцаз рит1изаризе ва бат1и-бат1иял тайпабазул словараздаса пайда босизе. Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе чара гьеч1ого х1ажалъула тайпа цоял членалгун г1адатал предложениялги к1иго г1адатаб предложениялдасан г1уц1араб журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, бит1араб каламгун предложениялда хадуб халкквезе, нахърилълъиналъул союзраг1абигун ва союзраг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъайхъвай гьабизе.

Бит1араб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзраг1абигун ва союзраг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьул классазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазе х1адурлъулаго, гьединго творческиял х1алт1абазулъ риччарал гъалат1азул анализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Гьелда т1адеги, нилъеда лъала байбихьул классазул ц1алдохъабаз жидер к1алзул ва хъвавул каламалъулъ гьединал предложениял г1ат1идго х1алт1изарулеллъи. Гьединлъидал муг1алимас хIаракат бахъизе ккола гьезул г1уц1иги, гьел каламалъулъ х1алт1изариялъул хаслъиги лъималазда бич1ч1изабизе.

Муг1алимас, гьоркьоса къот1ич1ого, к1вар кьезе ккола ц1алдохъанасул, гъалат1ал риччачIого, бит1ун хъвазе бугеб бажари цебет1езабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго х1арпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инч1ел раг1аби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, раг1аби рат1а т1ун хъваялъулги, к1удияб х1арп хъваялъулги къаг1идаби.

Берцинго хъваялъе, хат1 куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьеч1о. Гьединлъидал щибаб грамматикаялъул дарсида 8–10 минуталъ муг1алимас т1адч1ей гьабула ц1алдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги

-
бац1ц1адгоги бук1инабиялде. Гьаниб кьола хат1алъул хашлъи т1аг1инабиялде руссарал ругьунлъиялъул т1адкъаял, рихьизарула мисалиял х1арпал ва раг1аби.

Дидактикаялъул к1вар бугел суалазул цояб ккола контролиял (хъвавул) х1алт1абазул х1асилазул кьуч1алда ц1алдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мац1алъул хъвавул х1алт1абазул аслиял тайпабилъун ккола: т1аде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, г1инзул ва берзул диктант, творческияб диктант, х1адурлъиялъул ва т1асабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб раг1абазул къадар 4 классалда бук1ине бегьула: 12–15 раг1и.

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел раг1абазул къадар г1ага-шагарго гьадинаб бук1ине бегьула: 60–70 раг1и.

Ругьунлъиялъул изложениязе ч1езабун буго гьаб къадар: 70–80 раг1и.

Щибаб дарсида ц1алдохъаби ругьунлъула ц1алул т1ехьгун х1алт1изе, бит1ун хъваялъеги ц1алиялъеги жиндие къвариг1унел къаг1идаби, гьезда хурхарал х1алт1аби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, х1алт1абазе кьурал киналго т1адкъаял тартибалда т1уразе, гьезул мурад бич1ч1изе.

Квалквал гьеч1ого, хадубккунги церехун ине лъималазе г1ураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола бат1ибат1иял дидактикиял х1аяздаса, хасго рек1елгъеялъул материалаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва бит1унхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.)

Байбихьул классазул лъималазда к1оларо цо жоялда т1аде халат бахъун жидерго к1вар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида ц1алдохъабигун х1алт1иялъул къаг1идаби бат1и-бат1иял рук1ине ккола (муг1алимазухъ г1енекки, гара-ч1вари, тIахьалгун ва тетрадалгун х1алт1и, хъвавул ва к1алзул х1алт1аби иргаялда тIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

-

Программаялда кьурал темабазе саг1тал рикьун руго мисалияб къаг1идаялъ. Жиндирго х1албихьиялде, ц1алдохъабазул лъаялде ва щибаб классалда гьабулеб х1алт1ул шарт1азде балагьун, муг1алимасул ихтияр буго мустах1икъаблъун бихьулеб бак1алда саг1тазул хиса-баси гьабизе.

**Курс лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал**

Байбихьул школа лъуг1арал ц1алдохъаби гьал хадусел х1асилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго Ват1аналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса ч1ух1иялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вук1ин бич1ч1и.

2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинч1ел т1абиг1аталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай к1ибикьич1еб, обществоялда г1адамазул г1умруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.

3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго бат1ияб пикруялдехун ц1уна-къараб балагьи бижизаби.

4. Цебет1ун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.

5. Ц1алиялдехун гъира бижизаби.

6. Обществоялда чиясул хьвада-ч1вадиялъул къаг1идабазул ва г1адамазул г1умруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб) рит1ухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьуч1алда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго ч1араб, цогиялда бухьинч1еб хасиятги цебет1езаби.

-

7. Эстетикиял бич1ч1иял, х1ажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.

8. Цогидал г1адамазе кумекалъе х1адурав, ният лъик1ав, х1алхъублъи гьеч1ев, г1адамазе лъик1лъи гьабулев инсан вахъинави.

9. Г1ел бащадазда ва ц1ик1к1аразда цадахъ х1алт1изеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебет1езаби, т1адк1алъай бугеб, даг1бадулаб ах1вал-х1алалдаса ворч1изе нух батиялъул бажари цебет1езаби.

10. Х1инкъи гьеч1еб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб г1умру гьабизе мурад лъей; творческияб х1алт1уде гъира ккезаби, ай творческияб къаг1идаялъ х1алт1изе бугеб бажари цебет1езаби; материалиял ва рух1иял бечелъабазул т1алаб-агъаз гьабизе бажари. **Метапредметиял х1асилал**

1. Ц1алиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел т1уразариялъул къаг1идаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала т1убазабиялъул шарт1азде балагьун, жиндирго ц1алиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.

3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.

4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъг1унт1иялъулал масъалаби т1уразе, каламалъул алатал жигаралда х1алт1изари.

5. Информация балагьиялъул (баян кьолел т1ахьаздаса), гьеб бак1ариялъул, гьелда т1ад х1алт1иялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб г1уц1иялъул ва кьеялъул, гьелъул маг1на бич1ч1изабиялъул бат1и-бат1иял къаг1идаби х1алт1изари.

6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, бат1и-бат1иял стилалъул ва жанразул текстал бич1ч1ун цIализе бажари.

-

7. Цо ч1ванкъот1арал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел г1аммлъизаризеги, кинал ругониги г1аламатаздалъун т1елазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, г1иллаялъулабгин ц1ех- рехалъулаб бухьен ч1езабизеги, гьезда т1аса пикру загьир гьабизеги бажари, ай логикиял х1алт1аби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе г1ахьаллъи гьабулев чиясухъ г1енеккизеги, диалогалъулъ г1ахьаллъизеги, бат1и-бат1иял пикраби рук1иналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр бук1иналъе мук1урлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

9. Г1аммаб мурад цебе лъезеги гьеб т1убазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб х1алт1и щибасда гьоркьоб бикьизе, къот1и-къай гьабизеги, цадахъаб х1алт1улъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб х1алалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-ч1вадиялъе къимат кьезеги бажари.

10. Лъилниги рахъ кквеч1ого, щивас загьир гьабураб пикруги х1исабалде босун, даг1ба-раг1и къот1изе бажари.

11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бич1ч1иял лъай.

**12.** Ц1алулъ жинца кьолел лъик1ал яги квешал х1асилазул г1илла бич1ч1изеги, нагагьлъун ц1алулъ нахъе ккани, гьениса ворч1изеги бажари. **Предметиял х1асилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда бат1и-бат1иял мац1ал ва маданиятал рук1инги, гьел цоцада рухьарал рук1инги, мац1 щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бич1ч1и.

2. Мац1 миллияб маданияталъул аслуги г1адамал цоцада рич1ч1иялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен ч1езабиялъул алатги кколеблъи ц1алдохъабазда бич1ч1и; авар мац1 Дагъистаналъул пачалихъияб мац1 кколеблъиги, гьелъ маг1арулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

3. Авар мац1алъул (бит1унабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, бит1унхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къаг1идабазул х1акъалъулъ авалиял баянал лъай.

-

4. Инсанасул гражданлъи ва г1аммаб культура бихьизабулеб г1аламат х1исабалда бит1араб к1алзул ва хъвавул каламалдехун лъик1аб бербалагьи бук1инаби.

5. Зах1матал гурел текстал г1уц1улаго, бухьеналъулал масъалаби т1уразаризе, дандекколел мац1алъул алатал т1аса рищизеги, цогидазда к1алъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мац1алъул алатазул х1исаб гьабизеги бажари.

6. Гъалат1ал гьеч1еб хъвай-хъваг1аялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бич1ч1и; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва бит1унхъваялъул къаг1идабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.

7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мац1алъуласлиял бут1абазул, гьезул г1ламатазул ва гьел каламалъулъ х1алт1изариялъул хаслъабазул х1акъалъулъ авалиял баянал лъай.

8. Мац1алъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бут1аби рат1а рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

**Курсалъул материал**

**Каламалъул тайпаби Г1енеккун (г1инт1амун) раг1араб жо бич1ч1и.**

Г1адатаб гара-ч1вариялъулъ цогидаз бицунеб жоялъул маг1на ва мурад бич1ч1и. Г1енеккун раг1араб калам данд рекъон кколеб х1алалъ бич1ч1и. Пасих1го ц1аларал яги художествияб къаг1идаялъ рицарал маргьабазул, харбазул ва куч1дузул маг1на бич1ч1и ва лъурал суалазда рекъон гьезул х1асил бицин. Бицараб маргьаялъул ва хабаралъул х1асилалда т1асан кьурал суалазе жаваб гьаби. Аск1ов г1одов ч1ун, хабар-к1алалда вугев чиясул каламалъухъ г1енеккизе бугеб бажари цебет1езаби (ай гьеб каламалъул анализ гьабизеги, данде къот1арун, диалог гьоркьоб къот1изе тунгут1изеги, суалал кьезеги бажари).

**Гаргади.**

-

Хурхен гьабиялъул масъала х1асил кьолеб куцалда т1убазабиялъе г1оло цере лъурал шарт1азда ва мурадазда рекъон гаргадиялъул къаг1идаби т1аса рищи. Диалогалъулъ г1ахьаллъизе лъай.

К1алъа-ралъай байбихьизе, гьоркьоб къот1изе тунгут1изе, лъуг1изабизе ва жиндирго г1акълуялдалъун жиндехунго рак1 ц1азабизе бажари. Лъилниги, сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, хабар бицине бажари. Каламалъул этикаялъул нормаби (ай салам кьезеги, къо-мех лъик1 гьабизеги, т1аса лъугьинеги, баркала кьезеги, лъидехунниги гьаригун хит1аб гьабизеги) лъай. Бит1ун абиялъул нормаби ва интонация ц1уни. **Ц1али.**

Ц1алул текст бич1чи. Къваригараб материал батиялъул мурадалда т1аса бищун ц1али. Тексталъулъ рихьдаего кьураб информация бати. Тексталъулъ бугеб информациялъул кьуч1алда цо кинаб бугониги х1асилалде рач1ине. Тексталъулъ бугеб информациялъе баян кьей ва гьеб г1аммлъизаби. Тексталъул х1асилалъул, гьелъул г1уц1иялъул ва мац1алъул хаслъиялъул анализ гьаби ва гьезие къимат кьей.

**Хъвадари.**

Гигиеналъул т1алабазда рекъон бич1ч1улеб (бигьаго ц1ализе к1олеб), берцинаб хат1алъ хъвадаризе лъай. Лъазарурал къаг1идабазда рекъон абун ва т1аде балагьун хъвай. Ц1алараб ва г1енеккун раг1араб тексталъул х1асил мух1канго яги тIаса бищун хъвай. Жиндир г1умруялъулъ ккараб лъугьабахъиналъул, сверухъ бугеб т1абиг1аталъухъ халкквеялъул, пайдаял ишазул, литературиял асаразул ва гь.ц. х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, гьит1иналго харбал херхине.

**Хъвай-ц1али малъи**

Т1адехун абухъе, хъвай-ц1али малъи г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан:

1. Х1адурлъиялъул заман.

-

2. Х1арпал малъулеб (букварияб) заман.

Хъвазе-ц1ализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун.

Хъвай-ц1али малъи ккола цадахъаб тадбир: ц1ализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебет1езабиялъул х1алт1аби т1орит1улаго, ай гьаркьаздасан раг1и, раг1абаздасан предложение, предложениял дандран хабар г1уц1изе ругьун гьарулаго.

**Фонетика.**

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. Раг1ул маг1наги гьелъул гьаркьилаб г1уц1иги цоцада рухьарал рук1ин бич1ч1и.

Раг1улъ жалго жидедаго ч1арал гьаркьал рихьизари. Раг1улъ гьаркьазул къадар ва тартиб ч1езаби, сипатсуратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рат1а гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари.

Абиялъул бищунго гьит1инаб бут1а х1исабалда слог. Раг1аби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. Раг1улъ ударение т1аде кколеб бак1 бихьизаби, ударение бугелги ударение гьеч1елги слогал рат1а рахъи,

Раг1абазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (раг1улъ гьаркьазул къадар ч1езабизе, раг1ул бет1ералда, бакьулъ, ахиралда бук1аниги, гьеб гьаракь бугеб бак1 лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.**

Гьаркьал ва х1арпал рат1а рахъи: х1арп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал х1арпаздалъун рихьизаризе бажари. Е, Ё, Ю, Я рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хIарп. Гьез т1убалеб хъулухъ.

-

Авар алфавиталъулгун (х1арпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**Ц1али.**

Слогалккун ц1алиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва раг1абиккун цок1алаяб ц1али. Раг1аби, раг1абазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бич1ч1ун ц1али. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация ц1унун, ц1али.

Зах1матал гурел гьит1инал текстал ва куч1дул бич1ч1ун ва пасих1го ц1алиялъул бажари цебет1езаби. Живго жиндаго ч1ун яги муг1алимасул кумекалдалъун ц1алараб текст, такрар гьабун (ай ц1идасан), бицин.

Раг1аби, къокъал предложениял, зах1матал гурел г1ит1инал текстал г1едег1ич1ого бит1ун ц1ализе ругьун гьари. Муг1алимас абун яги т1аде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, бит1унхъваялъул къаг1идабиги ц1унун, ц1ализе ругьун гьари. **Хъвадари.**

Хъвадарулаго бит1ун г1одор ч1езе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам бит1ун кквезе лъимал ругьун гьари. К1удиял ва гьит1инал х1арпал бит1ун хъвазе ва гьел раг1абазулъ цолъизаризе бажари.

Гигиеналъул нормабиги ц1унун, х1арпал, слогал, раг1аби, предложениял хъвазе ругьун гьари. Бац1ц1адаб ва бич1ч1улеб (ай бигьаго ц1ализе к1олеб) хат1алъ хъвадаризе лъай. Цин муг1алимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел раг1аби ва предложениял, т1аде балагьун, хъвазе лъай. Муг1алимас абурал раг1ухъе хъвалел раг1аби ва гьединал раг1абаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, т1аде балагьун бит1ун хъваялъул тартиб ва къаг1идаби лъай.

Х1арпаздалъун рихьизаруларел графикиял г1аламатаз (ай раг1абазда гьоркьоб хут1араб ч1обогояб бак1алъ, раг1аби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) т1убалеб хъулухъ бич1ч1и.

-

**Раг1и ва предложение.**

Раг1и анализ гьабиялъул материал ва ц1ех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бич1ч1и. Раг1ул лексикияб маг1наялда хадуб халкквей. Раг1и гьаркьаздасан г1уц1ун бук1унеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ раг1ул бугеб к1вар лъай. Предметал, предметазул г1аламатал ва предметазул ишал рихьизарулел раг1аби каламалъулъ бит1ун х1алт1изаризе бажари.

Раг1аби ва предложениял рат1арахъизе бажари. Предложениялъулъ раг1аби рат1а гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация ц1унизе лъай.

**Бит1унхъвай.**

Т1оцебесеб классалда гьал хадусел бит1унхъваялъул къаг1идабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- раг1аби рат1ат1ун хъвай;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал х1арпаздалъун рихьизари;
- хасал ц1аразул бет1ералда ва предложениялъул авалалда к1удияб х1арп хъай;
- раг1аби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;
- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.

**Калам цебет1езаби.**

Тексталъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и. Тексталъулъ предложениял рат1а гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. Г1енеккун раг1араб ва жинцаго ц1алараб текст бич1ч1и. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул)

-
кумекалдалъун каламалъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам маг1на бугел бут1абазде биххи. Предложенияздасан бухьараб текст г1уц1и.

Жиндир г1умруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, х1аязул х1акъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьит1инабго хабар херхине бажари. Бицанк1абазе жавабал кьезе, куч1дул рек1ехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ х1алт1изаризе, рек1ехъе лъазарурал куч1дул пасих1го рик1к1ине бажари.

**4 класс**

**Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

Гьаркьал ва х1арпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. Е,Ё,Ю,Я х1арпал. Й гьаракь ва х1арп. Щ, Ш рагьукъал гьаркьал ва харпал. Ъ ва Ь харпал.

Раг1ул г1уц1и (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял раг1аби. Раг1ул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Каламалъул бут1аби.

Каламалъул бут1аби хIисабалда предметиял ц1аразул, прилагательноязул, глаголазул г1аламатал г1аммлъизари: г1аммаб маг1на, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез т1убалеб хъулухъ.

Каламалъул бут1а х1исабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал. Предложениялъулъ раг1абазда гьоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай.

Текст. Тексталъул тайпаби. Тексталъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда ц1ар лъей. Тексталъул бут1аби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен.

**Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал.**

-

Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал (г1аммаб бич1ч1и). Предложениялъул тайпа цоял членал (г1аммаб баян). Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьеч1огоги цолъизари. Тайпа цоял членалгун предложениял г1уц1изе ва гьел бит1ун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул кумекалдалъунги ва союз гьеч1огоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун г1адатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей.

**Текст** Тексталъул х1акъалъулъ щварал баянал г1аммлъизари: тексталъул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, тексталда ц1ар лъей, тексталъул г1уц1и ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, тексталъул план г1уц1и.

## Каламалъул бут1аби

## Предметияб ц1ар

Цолъул формаялда предметиял ц1арал падежазде свери. Предметиял ц1арал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери.

ГIадатал падежал: *аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж, кьовул падеж*. Гьезул ахиразул бит1унхъвай.

Бак1алъул падежал. Гьезул ахиразул бит1унхъвай.

Г1емерлъул формаялда предметиял ц1арал падежазде свери.

## Прилагательное

Прилагательноялъул лексикияб маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ.

-

Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва г1емерлъул формаялъулъ хиси.

Предметияб ц1арлъун х1алт1изарурал прилагательноял падежазде свери.

Прилагательноязул бит1унхъвай.

**Ц1арубак1**

Каламалъул бут1а х1исабалда ц1арубак1. Т1оцебесеб, к1иабилеб ва лъабабилеб гьумералъул ц1арубак1ал. ЦIарубак1ал каламалъулъ х1алт1изариялъул хаслъи.

Гьумералъул ц1арубак1ал падежазде свери. Ц1арубак1азул бит1унхъвай.

**Глагол**

Каламалъул бут1а х1исабалда глагол: глаголалъул лексикияб маг1на, глаголазул суалал. Глаголияб ц1ар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва г1емерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бач1унеб ва г1ахьалаб заманалъул г1адатал глаголал; араб, бач1унеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул бит1унхъвай. **Наречие**

Каламалъул бут1а х1исабалда наречие. Гьелъул лексикияб маг1на ва суалал. Наречиял каламалъулъ х1алт1изари. Каламалъулъ г1емер х1алт1изарулел наречиязул бит1унхъвай.

**Словарияб х1алт1и**

Каламалъулъ бит1араб ва хъвалсараб маг1наялъул раг1аби, синонимал ва антонимал х1алт1изари.

-

**Текст. Бухьараб калам цебет1езаби**

Текст ва гьелъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Хабарияб, сипатияб ва пикрияб тексталъул г1уц1и.

Киназго цадахъ ялъуни жалго ургъун, г1уц1араб планалда рекъон, сипатсурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе лъай. Сураталдасан хабарияб сочинение, хъвазе лъай. Цо лъилниги яги сундулниги х1акъалъулъ, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвазе лъай.

Текст г1уц1улаго, эпитетаздаса, метафораздаса, дандекквеяздаса, олицетворенияздаса, гьединго синонимаздаса, антонимаздаса ва гь.ц. пайда боси.

**Лъаг1алида жаниб малъараб материал лъазаби**

Предложениялъул х1акъалъулъ щвараб лъай г1аммлъизаби. Каламалъул бут1аби х1исабалда текст ва предложение. Каламалъул бут1аби. Берцинго хъвай Берцинго хъваялъе ва хат1 къач1аялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьеч1ониги, цересел классаздаго г1адин, гьанибги берцин хъваялде ва хат1 къач1аялде кидагосеб к1вар кьела.

**Бит1ун хъвазе зах1матал раг1аби:** бакъаниг1уж, бак1а-бахари, бакъдебусс, бек1к1и, Бец1къварилъи, Сулахъ г1ор, Г1арахъмег1ер, волейбол, ворта-хъети, вуц1ц1ух1ун, гъадибусен, бадиса-бадибе, к1алагъоркье, махсароде, рек1ет1а, гьанжего-гьанже, гьанамах1, гьит1инкилищ, гьоркьобак1, г1алагъважа, г1амалквеш, г1амалберцин, г1орк1к1ен, г1урччинхер, журагъуран, т1адерахъи, малъухъе, дандерижи, зах1малъи, инжилъи, комбайн, экскурсия, шофер, к1ийида, ункъида, лъаб-лъабккун.

**Курс лъазабун лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал**

**Напсиял х1асилал:**

- школалдехун ва ц1алиялдехун бугеб бербалагьи ц1ик1к1инаби;

-

- муг1алимасул, цадахъ ц1алулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги х1исабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

- инсанасул напсалъул лъик1аб хасиятги обществоялда г1адамазул г1умруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел к1вар ва маг1на бугел мурадал цере лъей. Метапредметиял х1асилал:

- рахьдал мац1 гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ т1абиг1аталда нахъг1унт1и;

- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб г1аммлъизабизеги, т1елазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къвариг1араб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай ц1алиялъул, хъвадариялъул, ц1алул т1ехьгун х1алт1иялъул) бажариял куцай;

- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мух1канго мурад лъезе, гъалат1ал рит1изаризе бугеб бажари лъугьин;

- мац1алъул бечелъи бич1ч1и ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

- хурхен гьабиялъул бат1и-бат1иял масъалаби т1уразариялъе г1оло каламалъул ва мац1алъул алатал х1алт1изаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял х1асилал:**

Рахьдал мац1алъул курс лъазабулаго, ункъабилеб классалъул ц1алдохъаби ругьунлъула:

- лъазарурал каламалъул бут1абазул г1аламатал рихьизаризе;
- предложениялъул тайпа цоял членазул г1аламатал рихьизаризе;

-

- гъалат1ал риччач1ого, малъарал бит1унхъваялъул къаг1ида-биги ц1унун, 60–70 раг1и бугеб диктант хъвазе;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел х1арпал гъорлъ ругьел раг1абазул фонетикияб разбор гьабизе;
- раг1ул г1уц1иялъул разбор гьабизе (раг1улъ кьибил, суффикс, аслу ва ахир бихьизабизе);
- раг1ул морфологияб разбор гьабизе (предметияб ц1аралъул байбихьул форма, жинс, цолъул ва г1емерлъул форма, падеж; прилагательноялъул жинс, цолъул ва г1емерлъул форма; глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма, заман, цолъул ва г1емерлъул форма, жинсиял глаголазул жинс бихьизабизе);
- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (предложениялъул тайпа ч1езабизе, бет1ерал членал рихьизаризе, суалаздалъун бет1ерал членаздаги бет1ерал гурел членаздаги гьоркьоб бухьен ч1езабизе);
- тайпа цоял членалгун предложениял каламалъулъ х1алт1изаризе;
- тексталъул тема ч1езабизе ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;
- текстална ц1ар лъезе;
- тексталъул план г1уц1изе;
- хабариял, сипатиял ва пикриял текстал рат1арахъизе ва гьел каламалъулъ х1алт1изаризе;
- лъилниги, сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе;
- лъилниги, сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, сочинение хъвазе;
- к1алзул ва хъвавул каламалъулъ хабариял, суалиял, т1алабиял ва ах1ул предложениял рат1а рахъизе ва гьездаса пайда босизе;
- т1ирит1арал предложениял, тайпа цоял членалгун предложениял ва журарал предложениял цоцаздаса рат1а рахъизе ва каламалъулъ бит1ун х1алт1изаризе.

-

# ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

## 4 КЛАСС (34 сагIат, анкьида жаниб 1 сагIат)

| № | Дарсил тема | Темаялъе баян | Саг1ат | Бихьизабураб къо | | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Программияб къо | Х1ужжаялъул къо | |
| 1. | 1. Каламалъул бут1а х1исабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун предложениялъул тайпаби. | Каламалъул бут1а х1исабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. 3 классалда малъараб материал такрар гьаби. | 1 | | | Х1. 3 гьум. 6 |
| 2. | 2Интонациялде балагьун . предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал. | Жидеца бицунеб жоялъул интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. 3 классалда малъараб материал  такрар гьаби. | 1 | | | Бет1ерал ва бет1ерал гурел членаздаса г1уц1арал 3-4 предложениял хъвазе. Бет1ерал членазда гъоркь х1учч ц1азе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 3. | Предметияб ц1ар. Предметиял ц1аразул г1адатал падежал. | Каламалъул бут1а х1исабалда предметияб ц1аралъул г1аламатал г1аммлъизари: г1аммаб маг1на, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез т1убалеб хъулухъ.<br>Предметиял ц1арал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери. Цолъул формаялда предметиял ц1арал г1адатал падежазде свери. Г1адатал падежал: *аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж.* Г1емерлъул формаялда предметиял царал падежазде свери. | 1 | | | Х1. 59 гьум. 29 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 4. | 1Бак1алъул падежал.<br>2<br>. | Бак1алъул падежазул суалал ва гьел суалазда рекъон предметиял ц1арал хисизари. Падежазул ахиразул бит1унхъвай. Бак1алъул падежазул авар мац1алда жаниб бугеб хаслъи. Бак1алъул падежаз бак1 бихьизабулеблъиялъе бич1ч1и кьей. | 1 | | | Предметиял ц1арал бак1алъул падежаздагилъун 3-4 предложение г1уц1изе. Гъоркьан х1уччал ц1азе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 5. | Прилагательное. | Прилагательноялъул лексикияб маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва г1емерлъул формаялъулъ хиси. Предметияб ц1арлъун х1алт1изарурал прилагательноял падежазде свери. Прилагательноязул бит1унхъвай. | 1 | | | Х1. 132 гьум. 57 |
| 6. | 2Ц1арубак1.<br>3<br>. | Каламалъул бут1а х1исабалда ц1арубак1.<br>Ц1арубак1аз т1убалеб хъулухъалъулгун лъай-хъвай.<br>Гьумералъул ц1арубак1ал падежазде свери. | 1 | | | Х1. 137 гьум. 59 |
| 7. | 2Т1оцебесеб, к1иабилеб, лъабабилеб<br>4гьумеразул ц1арубак1ал.<br>. | Т1оцебесеб гьумералъул ц1арубак1ал падежазде свери. Авар мац1алда ц1арубак1аз кколеб хасаб бак1. К1иабилеб гьумералъул ц1арубак1ал падежазде свери. Авар мац1алда ц1арубак1аз кколеб хасаб бак1. Лъабабилеб гьумералъул ц1арубак1ал падежазде свери. Авар мац1алда ц1арубак1аз кколеб хасаб бак1. | 1 | | | Ц1арубак1алги гьорлъе ккезарун 3-4 предложениял г1уц1изе ва хъвазе. |
| 8. | Диктант | Грамматикиял т1адкъаялгун диктант. | 1 | | | Цебе малъараб такрар гьабизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 9. | Глагол. Глаголияб ц1ар. | Каламалъул бут1а х1исабалда глагол: глаголалъул лексикияб маг1на, глаголазул суалал. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Глаголяб ц1аралъул хаслъи ва авар мац1алда гьелъ ккун бугеб бак1. | 1 | | | Х1. 184 гьум. 81 |
| 10. | 3Глаголиял ц1араздаса араб, бач1унеб<br>2ва г1ахьалаб заман лъугьунеб куц.<br>. | Глаголал заманабазде хиси. Глаголиял ц1араздаса араб, бач1унеб ва г1ахьалаб заман лъугьин. | 1 | | | Глаголиял ц1аралги гъорлъе ккезарун 3-4 предложениял г1уц1изе ва хъвазе. |
| 11. | 3Составиял глаголал. Гьанже заман. 5<br>. | Гьанже заманалъул составиял глаголал. Составиял глаголазул бит1унхъвай. | 1 | | | Х1. 207 гьум. 89 |
| 12. | 3Бач1унеб заман. Жинсиял ва жинсиял<br>7гурел глаголал.<br>. | Бач1унеб заманалъул составиял глаголал. Составиял глаголазул бит1унхъвай. | 1 | | | Х1. 223 гьум. 95 |
| 13. | 4Глаголазул ахиралда -не, -зе. Глагол<br>0такрар гьаби.<br>. | -ине, -изе ахиралда ругел гаголазул бит1унхъвай. Глаголазул киналго грамматикиял г1алаатал такра гьари. Бат1и-бат1иял заманазда ругел глаголалги гьоркьоре ккезарун, предложениял ва текст г1уц1и. | 1 | | | Х1. 233 гьум. 99 |
| 14. | 4Предложение. Предложениялъул<br>3бет1ерал членал рак1алде щвезаре.<br>. Предложениязда жанир маг1наялъул рахъалъ рухьарал раг1аби. | Предложениялъул х1акъалъулъ щвараб лъай г1аммлъизаби. Предложениялда жаниб предложениялъул аслуялъул к1вар баян гьаби. Предложениялъулъ раг1абазда гьоркьоб бугеб бухьен. | 1 | | | 3-4 предложение г1уц1изе ва хъвазе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 15. | 4Тайпа цоял членал. Тайпа цоял членал<br>7цолъизарулеб куц.<br>. | Предложениялъул тайпа цоял членал. Авар мац1алда гьезул хаслъи ва к1вар. Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьеч1огоги цолъизари. | 1 | | | Тайпа цоял членалгун 3-4 предложениял г1уц1изе ва хъвазе. |
| 16. | 5Тайпа цоял членалгун лъалхъул<br>0ишараби. Тайпа цоял членазда цадахъ .<br>я, ялъуни, амма союзал. | Тайпа цоял членалгун предложениял г1уцIизе ва гьел бит1ун ц1ализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. | 1 | | | Х1. 270 гьум. 115 |
| 17. | 5Контролияб диктант.<br>4<br>. | Грамматикиял т1адкъаялгун контролияб диктант. | 1 | | | Цебе малъараб такрар гьабизе. |

- -

-

**Литературияб ц1али Программаялъе баян**

Программа х1адур гьабуна байбихьул школалда т1уразаризе х1исабалде росарал х1асилазулги, обществоялда чиясул хьвада-ч1вадиясул къаг1идабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьуч1алда.

Литературияб ц1али байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мац1алда ц1алиялъул махщел ва текстадла т1ад х1алт1иялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература ц1алиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рух1ияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул г1акълу цебет1езабизе квербакъула. Гьединго литературияб ц1алиялъул курс т1адегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъик1ал х1асилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб ц1алиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал т1уразариялде:

- бич1ч1ун, бит1ун, чвахун ва пасих1го ц1ализе гъваридго лъазаби; бат1ибат1иял тайпабазул текстазда т1ад х1алт1изе бажаруледухъ, калам цебет1езаби; т1ехьалдехун ва ц1алиялдехун бугеб интерес щулалъизаби; ц1алиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго ч1ун, асарал ц1алиялъулъги къваригIараб т1ехь т1аса бищиялъулъги х1албихьи бук1инаби; - художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъг1унтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал ц1алулаго, чидае рек1ел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебет1езаби; раг1удехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бич1ч1изе бажари;

- художествиял асараздалъун байбихьул классазул ц1алдохъабазул рух1ияб х1албихьи бечелъизаби; рух1ияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъик1лъиялъулги, рит1ухълъиялъулги х1акъалъулъ бич1ч1иял куцай; Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе ц1алдохъаби куцай.

-

Байбихьул школалда предмет х1исабалда литературияб ц1алиялъ лъимал ц1ализариялъул гуребги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби т1урала. Ц1алдохъабазул ригьалъе хасал, рух1ияб ва эстетикияб рахъалъ бечедал художествиял асараз ц1алдохъабазе к1удияб асар гьабула, гьел асараз квербакъула миллияб ва киналго г1адамазе, ай т1олабго инсаниятальe данде кколеб хасият куцазе.

Литературияб ц1алиялъул дарсазда аслияб куцалъ к1вар кьола ц1ализе бугеб бажари лъугьинабиялде ва лъималазул калам цебет1езабиялде. Ц1алдохъабаз гъваридго лъазабула бич1ч1ун ва пасих1го ц1ализе, жалго жидедаго ч1ун, текстал ц1ализе; гьел ругьунлъула т1ехьалъул х1асил бич1ч1изе ва гьелдаса сверухъ бугеб т1абиг1аталъул х1акъалъулъ щвараб лъай г1ат1илъизабиялъе пайда босизе.

Литературияб курс лъазабулаго, ц1алдохъабазул хурхен гьабиялъулаб культураялъул (маданияталъул) даража борхула: гьезул лъугьуна монолог ва диалог гIуцIизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, бат1и-бат1иял текстазда т1ад х1алт1изеги, жалго жидедаго ч1ун, учебникалъул баян кьолеб аппараталдаса пайда босизеги, словаразулъ къвариг1араб информация балагьизеги бугеб бажари.

Литературияб ц1алиялъул дарсазда ц1алдохъан ругьунлъула бит1ун, гъалат1ал риччач1ого, ц1ализе. Бит1ун, чвахун ц1ализе бажарулеб лъимералъе гьоркьоса къот1ич1ого т1ахьал ц1ализе рокьула, гьесда лъала текстал ц1алиялъул ва гьелгун х1алт1иялъул къаг1идаби, гьединго гьесда бажарула ц1аларал асаразул х1асил бичIчIизе, живго жиндаго ч1ун, жиндие къвариг1араб т1ехь т1аса бищизе ва гьелъие къимат кьезе.

Литературияб ц1алиялъул курсалъ ц1алдохъабазул художествиял асарал ц1алиялде интерес бижизабула. Ц1алдохъаби ругьунлъула поэзиялъулаб раг1ул берцинлъи бич1ч1изе, раг1ул искусствоялъул сипат-сураталъе къимат кьезе.

-

Къокъго абуни, «Литературияб ц1али» абураб предметалъ байбихьул классазда г1емерал, к1вар бугел масъалаби т1урала ва гьит1инаб лъимер гьоркьохъеб школалда лъик1 ц1алдезе х1адур гьабула.

**Курсалъул г1аммаб характеристика** Ц1алул дарсал гьарула т1оцебесеб классалдаса байбихьун (х1арпал малъулеб заман лъуг1ун хадуб), гьоркьоса къот1ич1ого, ункъабилеб класс лъуг1изег1ан. Ц1ализе ругьун гьарулаго, мугъч1вай гьабула, т1оцебесеб классалда «Азбука» малъулаго, лъималазе щвараб лъаялдеги бажариялдеги.

Ц1алул курс г1уц1ун буго маг1арулазул, г1урусазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул хъвадарухъабазул ва шаг1ирзабазул художествиял асараздасан. Гьединго ц1алул курсалъулъ кьун руго г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал асаралги. Художествиял ва г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал асарал дандекквеялъ квербакъула литературияб искусство жеги гъваридго бич1ч1изе.

Литературияб ц1алиялъул х1асил программаялъулъ гьал хадусел бут1абазде бикьун буго:

1. Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура;
2. Тексталда т1ад гьабулеб х1алт1ул тайпаби;
3. Художествияб асаралда т1ад х1алт1и;
4. Ц1ализе кколел асарал. Ц1алиялъул культура.

Т1оцебесеб **«Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура»** абураб бут1аялъулъ хъвазе ва ц1ализе, г1енеккизе ва гаргадизе бугеб бажариялде, ай каламалъул киналго тайпаби камиллъиялде к1вар буссинабун буго.

-

Программаялъ т1алаб гьабулеб буго щибаб ц1алул дарсазда бит1ун, чвахун, бич1ч1ун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камил гьабизе. Гьединаб бажари лъугьуна бат1и-бат1иял асарал, гьезул бут1аби гьоркьоса къот1ич1ого ц1алиялдалъун.

**Ункъабилеб** классалда киналго ц1алдохъабаз хехго, рит1ун, рич1ч1ун, раг1абиккун текстал ц1алула. Слогалккун ц1алиялъул маг1на ккола ц1алдохъаби ц1алулъ нахъахут1и. Ц1алул хехлъи минуталда жаниб 70–80 раг1уде бахуна. Ц1ализе малъиялда цадахъ программаялъ к1вар буссинабула накъиталъе г1ахьаллъи гьабулев чиясда г1енеккизе, гьес бицараб жоялъул анализ гьабизе, гьелдаса аслияб, к1вар бугеб бат1а бахъизе, гьединго бицараб жо мух1кан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде.

Программаялда кьураб материалалъ квербакъула гаргадизе (ай жиндирго пикру загьир гьабизе, суалал лъезе ва гьезие жавабал кьезе, диалогалъулъ г1ахьаллъизе, монолог г1уц1изе) бугеб бажари цебет1езабизеги. Ц1алдохъаби ругьунлъула жидеда цебе мурад лъезе, бицунеб жоялда хадуб халккезе, гьелъие къимат кьезе, цогидазухъ сабурго г1енеккизе ва гь.ц.

Программаялда к1удияб к1вар кьола хъвазе бугеб бажари цебет1езабиялдеги. Ц1алул дарсазда ц1алдохъаби ругьунлъула жидецаго текстал г1уц1изе, ц1аларал хабарият, сипатиял ва пикриял текстазул кьуч1алда изложениял ва къокъал сочинениял хъвазе.

Программаялъул к1иабилеб бут1аялъулъ ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула **тексталда т1ад гьабулеб х1алт1ул тайпабазулгун.** Гьел ругьунлъула текст бут1абазде биххизе, гьел бут1абазда ц1арал лъезе, план г1уц1изе, ц1алараб текст къокъго ва т1убанго бицине, тексталъулъ аслияб пикру жидерго раг1абаздалъун загьир гьабизе. Ц1алдохъабазда лъала текстал хабарият, сипатиял ва пикриял рук1ин. Гьезда бажарула тексталъул х1асилги бет1ерги цоцазда рухьизе, ц1алул, г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал ва художествиял текстал рат1арахъизе, гьезул бугеб к1вар бихьизабизе.

-

Программаялъулъ хасаб бак1 ккола **художествияб асаралда т1ад гьабулеб х1алт1иялъ.** Лъимал ругьунлъула художествиял ва нахъг1унт1иялъулал текстазулъ дунял бихьизабулел къаг1идаби цоцаздаса рат1арахъизе (муг1алимасул кумекалдалъун), художествиял ва г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал текстазул хаслъаби рич1ч1изе, жалго бет1ергьанал текстал г1уц1изе.

Ц1алдохъаби ругьунлъула художествияб асар бич1ч1изе ва гьелъие къимат кьезе, гьеб г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал асараздаса бат1абахъизе. Гьезда лъала художествиял асаразул хаслъаби.

Программаялда кьураб материалалда рекъон лъималаз чара гьеч1ого гьабизе ккола художествиял асаразул г1адатияб анализ: цин ц1алдохъабаз текст т1убанго лъазабула, цинги гьеб ц1алула ва гьелъул анализ гьабула, хадуб, художествиябгин эстетикияб къиматги кьун, байбихьи ва ахир, загьир гьабураб аслияб пикру тесталъул х1асилалда ва ц1аралда дандеги ккун, ц1идасан гьеб тексталде к1вар буссинабула.

Художествиял асаразул анализ гьабулаго, ц1алдохъабаз лъугьабахъиназул тартиб ч1езабула, героязулгун ва гьез гьарурал ишазулгун лъайхъвай гьабула, жидергоги авторасулги герояздехун бугеб балагьи рагьула, ц1алараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула. Гьединаб анализалъ квербакъула моралиябгин рух1ияб бечелъи (ай гьудуллъи, адабх1урмат, лъик1лъи ва т1алаб-агъаз гьаби щиб кколебали) бич1ч1изе.

Программаялъулъ бугеб материалалъ сверухъ т1абиг1аталдаги х1айваназул хьвада-ч1вадиялдаги хадуб халкквеялда бухьараб бажариги цебет1езабула. **«Ц1ализе кколел асарал. Ц1алиялъул культура»** абураб бут1аялъулъ рихьизарун руго бат1и-бат1иял темаби ва гьезда т1асан ц1ализе кколел асарал. Ц1алдохъабаз ц1ализе кколел асаразда гъорлъе уна аваразул ва цогидал миллатазул раг1ул устарзабаз хъварал, лъималазул г1умруялде г1агарал, г1исинал, художествиял ва г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал асарал. Программаялда рекъон лъималазда лъазе ккола литератураялъул киналго аслиял жанрал:

маргьаби, куч1дул, харбал, абиял, кицаби, биценк1аби, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Гьаниб кьураб тематика байбихьул школалъул г1елалъул лъималазде г1агараб буго. Тематикаялъул х1асилалъ сверухъ бугеб дунялалдехун интерес бижизабула, лъималазул к1вар буссинабула жидерго г1ел бащадаздехун ва ц1ик1к1араздехун, т1абиг1аталдехун, тарихалдехун, нилъер ват1аналъул культураялдехун бугеб гьоркьоблъиялде, гьединго тематикаялъ рес кьола бат1и-бат1иял автораз цого цо тематикаялда т1аса хъварал асарал дандекквезе. Ц1ализе кьураб тематикаялъ лъимералъул сверухъ дунял бич1ч1изе бугеб интерес г1ат1илъизабула, ц1ализе бугеб махщел ц1ик1к1инабула ва ц1алиялъул культура лъугьинабула. Гьелда т1адеги, ц1ализе кьурал асараз к1удияб кумек гьабула лъималазе рух1иябгин эстетикияб тарбия кьезе.

**Курс лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал**

**Напсиял х1асилал**

1. Жиндирго Ват1аналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва гьезул тарихалде к1удияб рокьи бижизаби.
2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго бат1ияб пикруялдехун ц1уна-къараб балагьи бижизаби.
3. Ц1алиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.
4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго ч1араб, цогиялда бухьинч1еб хасиятги цебет1езаби.
5. Эстетикияб бич1ч1и лъугьинаби.
6. Цогидал г1адамазе кумекалъе х1адурав, ният лъик1ав, х1алхъублъи гьеч1ев, г1адамазе лъик1лъи гьабулев инсан вахъинави.

-

7. Лъиданиги цадахъ х1алт1изеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебет1езаби, т1адк1алъай бугеб, даг1бадулаб ах1вал-х1алалдаса ворч1изе нух батиялъул бажари цебет1езаби.

8. Творческияб х1алт1уде гъира ккезаби, ай творческияб къаг1идаялъ х1алт1изе бугеб бажари цебет1езаби.

**Метапредметиял х1асилал**

1. Бат1и-бат1иял жанразул ва тайпабазул текстал бич1ч1ун цIализе ругьунлъи, текстал к1алзул ва хъвавул формаялда г1уц1изе лъай.

2. Сверухъ т1абиг1аталда нахъг1унт1изеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.

3. Накъиталъе г1ахьаллъи гьабулев чиясухъ г1енеккизеги, диалогалъулъ г1ахьаллъизеги, бат1и-бат1иял пикраби рук1иналъе мук1урлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел г1аммлъизаризе, т1елазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе лъай.

5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бич1ч1иял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, т1ехь, асаралъул х1асил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитариял (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикиял (ай искусствоялда, дунялалда ва г1адамазул г1умруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул х1акъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал рич1ч1и.

6. Ц1алиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби рич1ч1изе ва гьел т1уразаризе лъай.

7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон ц1алиялда хурхарал х1алт1аби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.

-

8. ЦӀалулъ жиндирго лъик1ал яги квешал х1асилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.

9. Цебе лъураб мурад т1убаялъе г1оло цадахъ х1алт1изе бажари.

**Предметиял х1асилал**

1. Литература т1олабго дунялалъулаб ва миллияб культура г1адин бич1ч1и, гьелъ рух1ияб бечелъи ва г1адатал ц1унулеллъи лъай.

2. Т1ехь культурияб бечелъи бук1ин бич1ч1и.

3. Раг1ул искусство г1адин художествиял асараздехун бербалагьи бук1инаби.

4. Маг1арулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рух1ияб бечелъи бич1ч1и.

5. Инсан цевет1езавиялъе литератураялъул бугеб к1вар бич1ч1и; Ват1аналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ т1абиг1аталъул, культураялъул, лъик1лъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, рит1ухълъиялъул х1акъалъулъ бич1ч1и лъугьинаби; гьоркьоса къот1ич1ого ц1алдезе кколеблъи бич1ч1и.

6. Ц1алиялъул бугеб к1вар бич1ч1и; ц1алиялъул бат1и-бат1иял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, т1асабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-ч1вадиялъе кьураб къимат х1ужжабаздалъун кьуч1аб бук1ин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда т1аса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул бат1и-бат1иял тайпаби рич1ч1изеги, гьезие къимат кьезеги бажари.

7. Жиндие къвариг1араб литература, живго жиндаго ч1ун, цогидазул кумек гьеч1ого, т1аса бищизеги цебе бук1аралдаса ц1ик1к1араб информация бич1ч1изе ва щвезе баян кьолел т1ахьал (источникал) х1алт1изаризеги бажари.

-

8. Бат1и-бат1иял текстазул анализ гьабизе, ай г1иллаялъулабгин ц1ехрехалъул бухьен ч1езабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бут1абазде биххизеги, гьел бут1абазда ц1арал лъезеги, г1адатаб план г1уц1изеги, асаралъул загьирлъи, пасих1лъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго раг1абаздалъун ц1идасан ц1ализеги бажари.

9. Бат1и-бат1иял текстазда т1ад х1алт1изеги, ц1алул ва художествиял, г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал текстазул хаслъаби рихьизаризеги бажари; художествиябгин творчествияб пагьму цебет1езаби; художествиял асаразда, суратазда т1асан яги жиндирго х1албихьиялъул х1акъалъулъ живго бет1ергьанаб текст г1уц1изе бажари.

**Курсалъул материал Каламалда ва ц1алиялда сверухъ гьарулел х1алт1абазул тайпаби**

**Г1енеккун (г1инт1амун) раг1араб жо**

**бич1ч1изе бажари (аудирование)**

Г1инда раг1араб цогидазул калам бич1ч1и. Цогидас ц1алулеб асар г1енеккун дандрекъон кколеб х1алалъ бич1ч1и. Г1енеккун раг1араб асаралда т1аса лъурал суалазе жавабал кьезе бажари, лъугьа-бахъиналъул тартиб ч1езаби, раг1араб каламалъул мурад бич1ч1и, г1енеккун раг1арал г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал ва художествиял асаразда т1аса суалал лъезе бажари.

Авторасул стилалъул хаслъиялдаги каламалъул пасих1лъиялдаги хадуб халкквезе бугеб бажари цебет1езаби.

**Ц1али**

**Раг1изабун ц1али.** Раг1абазулъ слогал ва х1арпал гьоркьор риччач1ого ва гьел ругеб бак1 хисич1ого, раг1аби, предложеният ва текстал бич1ч1ун, бит1ун ц1али. Слогалккун ц1алиялдаса байбихьун дагь-дагьккун бич1ч1ун, бит1ун

-

т1уранго раг1аби ва раг1абазул дандраял ц1али; классалдаса классалде, т1убараб текст бич1ч1уледухъ, ц1алиялъул хехлъи ц1ик1к1инаби. К1удияб гуреб, гьит1инаб текст пасих1го ц1али: ц1алулаго бит1ун абиялъул ва интонациялъул нормаби ц1уни; ц1алиялъул мурад бич1ч1и, ц1алулев чиясул ц1алараб асаралдехун бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе бажариледухъ, интонациялдаса ва цоцазулгун бухьен гьабизе цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон х1инцлъизабун (хьадарлъизабун) яги хехлъизабун ц1алиялъул темпалдаса пайда боси. Интонацияги ц1унун, бат1ибат1иял тайпаялъул предложениял ц1али. Бат1и-бат1иял текстазул маг1наялъулал хаслъаби рич1ч1и ва интонациялъул кумекалдалъун гьел рихьизари. К1удияб гьеч1еб текст живго жиндаго ч1ун пасих1го ц1ализе бажари (ц1алулаго данде кколеб гьаракь-бакъан ва хехлъи (темп) т1асабищизе, логикияб ударение бит1ун лъезе, лъалхъи гьабизе).

**Сасун ц1али.** Жанраялъул ва к1одолъи-гьит1инлъиялъул рахъалъ рич1ч1изе бигьаял асарал раг1изабун ц1алиялдаса дагь-дагьккун сасун ц1алиялде рач1ин. Ц1алараб тексталъул маг1на бич1ч1и. Ц1алиялъул тайпа ч1езаби: лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва т1асабищиялъул; тексталъулъ къвариг1араб информация балагьи, гьелъул хаслъаби рич1ч1и.

**Бат1и-бат1иял текстазда т1ад х1алт1и**

**IV класс** Т1ехьалдаса ц1алараб жоялъул маг1на жидецаго боси (аслияб пикру жидерго раг1абаздалъун загьир гьаби); тексталъул бут1абазул маг1наялъулаб бухьен ч1езаби; ц1арулал предложенияздалъун яги суалаздалъун хабаралъул план г1уц1и.

Жидецаго г1уц1араб планалда рекъон яги аслиял раг1абазде мугъч1вайги гьабун, асаразул х1асил дурусго, къокъго, г1ат1идго бицин; цо ч1ванкъот1араб суалалда т1асан хабар г1уц1изе тексталъул материал бати. Хабар бицунаго, маг1наялъул тартиб ва дуруслъи ц1уни.

-

Хабаралъул героязул каламалъул хаслъабазухъ халкквей, гъезул ишал ва цогидаздехун ругел гьоркьорлъаби дандекквей. Героязул г1амал-хасияталъе ва раг1абазе къимат кьей, герояздехун ва гьез г1ахьаллъи гьабулел лъугьабахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьаби. Асаразда жанир кколел лъугьабахъиназул, героязул, сверухъ бугеб т1абиг1аталъул сипат-сурат цебеч1езабулел раг1аби рати (дандекквеял, эпитетал, метафорал, фразеологиял свераби).

Харбазул, кучIдузул, маргьабазул, кицабазул, абиязул, бицанк1абазул х1акъалъулъ I–III классазда щвараб лъай щула гьаби. Художествиял текстал г1елмиял ва нахъг1унт1иялъулал текстаздаса рат1арахъизе ругьун гьари.

**Библиографияб культура**

Т1ехь искусствоялъулаб хасаб тайпа. Т1ехь – лъаялъул ицц. Ц1алул, художествиял ва къариг1арал баянал кьолел (справкаялъулал) т1ахьал. Т1ехьалъул бут1аби: т1ехьалъул х1асил яги т1ехьалъул бут1рул, титулалъулаб гьумер, аннотация, суратал.

Живго жиндаго ч1ун аннотация хъвазе бажари.

Т1ахьазул тайпаби: художествиял асаразул т1ехь, т1ехь мажмуг1, данде гьарурал асаразул т1ехь, цо ккураб заманалда бахъараб басма, баян кьолел т1ахьал (справочник, ай сундулниги х1акъалъулъ къокъаб ва дурусаб баян босизе рес бугеб т1ехь, словарал, энциклопедиял, ай, къокъ гьабун, г1емерал г1елмабазул баян кьолел т1ахьал).

Библиотекаялдаса жидее къвариг1арал т1ахьал росизе лъай. Лъималазул г1умруялде дандекколел словараздаса ва дурусаб баян босизе рес бугеб литератураялдаса пайда боси.

-

**Художествияб асаралда т1ад х1алт1и**

Художествияб тексталъул хаслъаби, ай гьелъул цогидазда релълъинч1ел пасих1ал, рек1елъе роргулел мац1алъул алатал рихьизари (муг1алимасул кумекалдалъун). Асаралъул х1асилги гьелъул ц1арги дандрекъон кколеллъи бич1ч1и.

Ц1алараб асаралъул х1асил рух1иябгин эстетикияб бук1ин бич1ч1и, героязул хьвада-ч1вади рит1ухъ гьабулеб г1илла бачинеги гьезул ишазе къимат кьезеги бажари.

Пасих1ал, рек1елъе роргулел мац1алъул алатаздаса (синонимаздаса, антонимаздаса, дандекквеяздаса, эпитетаздаса) пайдаги босун, живго жиндаго чIун, текст ц1и гьабун бицин. Кьураб тексталъе хасаб лексикаялдаса пайдаги босун, гьеб тексталъул к1вар бугеб ва жибго жиндаго ч1араб г1адаб цо лъугьа-бахъин ц1и гьабун бицин (муг1алимасул кумекалдалъун). Т1ахьазул текстазе суратаздалъун баян кьей.

Асаралъул героясе характеристика кьей (гьесул сипат-сурат, хасаб т1абг1, хасият-гIамал, калам ва гьес гьарулел ишал рихьизари). Лъугьа-бахъиналъе ва героясе характеристика кьолел раг1аби ва предложениял тесталъулъ рати. Художествияб асаралъул героясул ишалъул анализ гьабизе ва гьеб иш рит1ухъ гьабизе г1илла бачине бажари. Героязул ишал цоцазда дандекквей. Героялдехун авторасул бугеб бербалагьи т1атинаби.

Художествиял асарал жиндирго раг1абаздалъун рициналъул къаг1идаби лъай (дурусго бицин, гьоркьоса бищун бицин ва къокъго бицин). Мух1канго, дурусго текст бицин (текст бут1абазде биххи, щибаб бут1аялъул ва т1убараб тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, щибаб бут1аялъе ва т1убараб тексталъе ц1арал кьей): тексталъул кесекалъул аслияб пикру загьир гьаби, к1вар бугел яги аслиял раг1аби рихьизари, ц1арал лъей; план г1уц1и ва гьелда рекъон т1убанго текст мух1канго жиндирго раг1абаздалъун бицин. Кьураб асаралъул кесек гьоркьоса бищун бицин: асаралъул героясе характеристика кьей (тексталъулъ героясул х1акъалъулъ хабар г1уц1изе рес кьолел раг1аби ва предложениял т1аса рищи), иш лъугьараб бак1алъул х1акъалъулъ бицин (тексталъулъ иш лъугьараб бак1алъул

-

х1акъалъулъ бицине рес кьолел раг1аби ва предложениял т1асарищи). Бат1и-бат1иял асараздаса цоцада дандекколел героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез г1ахьаллъи гьабулел лъугьабахъинал дандекквезе. Шиг1риял асарал ц1алулаго, г1исинал лъугьа-бахъинал, ишазул т1олалго рахъал рихьизе бугеб гьунар цебет1езаби. Лъугьа-бахъиназул ва сюжеталъул ин цебеккунго бич1ч1иялъул бажари цебет1езаби.

**Ц1алул, г1елмиялгин г1адатал х1асил бугел ва цогидалги текстазда т1ад х1алт1и** Асаралъул ц1ар ва гьеб ц1ар асаралъул х1асилалда дандрекъон кколеблъи бич1ч1и. Ц1алул, г1елмиялгин г1адатал х1асил бугел текстазул хаслъаби, мух1кан гьарун, ч1езари. Бат1и-бат1иял тайпабазул текстазул анализ гьабиялъул г1адатиял къаг1идабазулгун лъай-хъвай гьаби: тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, г1иллаябгин х1асилалъул бухьен ч1езаби (г1илла гьеч1еб х1асил бук1унаро). Текст бут1абазде биххи. Гьел бут1абазул темаби баян гьари. К1вар бугел яги аслиял раг1аби ралагьи. Текст ц1идасан бициналъул алгоритм г1уц1и. Схемаялда, моделалда, к1вар бугел, аслиял раг1абазда мугъги ч1ван, текст ц1идасан бицин. Текст г1ат1идго, ай дурусго бицин. Текст къокъго бицин (ай тексталъул х1асилалъулъ аслияб, к1вар бугеб жо бихьизаби). Справкаялъулаб (бат1и-бат1ияб жоялъул баян кьолеб) материалалда, г1амлъизабулел суалазда ва ц1алул т1адкъаязда т1ад х1алт1изе бажари.

**Гаргадизе, к1алъазе бажари (каламалъул культура)** Диалог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бич1ч1и. Диалогалъул хаслъи: лъурал суалал рич1ч1изеги, гьезие жавабал кьезеги, тексталда т1аса жинцаго суалал кьезеги, хабар-к1алалда вугев чиясул каламалъухъ, гьеб калам гьоркьоса къот1ич1ого, к1вар кьун г1енеккизеги, гьоркьоб лъураб асаралда т1аса х1еренго жиндир пикру загьир гьабизеги бажари. Каламалъул низам ц1уни. К1алзул гьунаралъул халкъиял асаразул кьуч1алда иш гьабиялъул, г1адамазда гъорлъ вук1иналъул низамалъулгун яги къаг1идаялъулгун лъай-хъвай гьаби.

-

Раг1иялда т1ад х1алт1и (раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1наги гьелъул г1емер маг1наги бук1ин лъай), активиял раг1абазул нахърател дагьабги ц1убазаби.

Монолог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бич1ч1и. Лъурал суалазда яги кьураб темаялда т1асан к1удияб гьеч1еб калам г1уц1изеги ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизеги бажари. ЦIалараб ялъуни раг1араб жоялъул х1асил бицин. Жинца бицунеб пикруялъул план г1уц1и. Жинца бицунеб жоялъул мурадалда рекъон к1алъаялъул къаг1идаби т1аса рищи. Суратазда ва ц1алараб яги кьураб темаялда т1асан к1алзул формаялда къокъаб хабар г1уц1и.

**Хъвадари (хъвавул каламалъул культура)** Хъвавул каламалъул нормаби ц1уни: х1асил ц1аралда рекъонккезаби (гьелъулъ героязул г1амал-хасият, иш лъугьараб бак1 ва тема бихьизаби). Хъвавул каламалъулъ пасих1ал, рек1елъе рортулел мац1алъул алатал (синонимал, антонимал, дандекквеял) хIалт1изари. Хъвавул текст дурус гьаби.

Кьураб темаялдаги, ц1аларал асараздаги т1асан гьитIиналго сочинениял хъвай.

**Ц1ализе кколел асарал**

Маг1арулазул ва цогидал миллатазул раг1ул устарзабаз хъварал, лъималазул г1умруялде г1агарал, г1исинал, художествиял ва г1елмиялгин нахъг1унт1иялъулал асарал.

Ц1ализе кколел асаразул жанрал: маг1арулазул ва цогидал миллатазул халкъиял маргьаби, куч1дул, харбал, абиял, кицаби, бицанк1аби, абундачал, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Тематикаялъ гъорлъе рачуна лъаг1алил 4 заманалъул, Ват1аналъул, гьелъул тарихалъул ва т1абиг1аталъул, нилъер х1айваназул ва х1анч1азул, лъик1лъиялъул, рит1ухълъиялъул, вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул, г1адамазул лъик1абги

-

квешабги хьвада-ч1вадиялъул, ях1-намусалъул х1акъалъулъ, гьединго эркенаб зах1маталъул, лъималазул г1умруялъул ва сахаватал ишазул, ракълие ва эркенлъиялъе г1оло къеркьолел бах1арзазул х1акъалъулъ бицунел асарал.

## Ц1алул курсалъулъ темабазул къадар

## 4 класс

### Бищунго кьарияб жо – рии, бищунго бечедаб жо – хасалихълъи

Роол ва хасалихълъиялъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал. Риидал рукIарал рекIелгъеязул ва хIухьбахъиялъул, хаслихъе хурул ва ахил бачIин рукъалде буссина-биялъулъ цIалдохъабаз гьабулеб гIахьаллъиялъул гарачIвари.

### Дунги дир гьалмагъзабиги

Лъималазул гIумруялъул, гьез гьабулеб гьудул-гьалмагъ-лъиялъул, захIматалдехун гьезул бугеб гьоркьоблъиялъул бицунел харбал, кучIдул, маргьаби ва кицаби.

### ТIабигIат цIуни

ГIагараб тIабигIат, рухIчIаголъаби ва рохьал цIуниялъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул ва маргьаби.

### ЛъикIабин сунда абулеб, квешабин сунда абулеб?

ГIадамазул гьоркьорлъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъикIабги квешабги хьвадачIвадиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул, маргьаби, кицаби, бицанкIаби ва абиял.

-

**Гъудуллъиялъ бахъулареб хъала букIунареб**

Халкъазул вацлъиялъул ва гъудуллъиялъул бицунел кучIдул, харбал ва маргъаби.

**Хасел**

Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал.

**Халкъияб кIалзул гъунаралъул асарал**

Аваразул ва цогидал миллатазул маргъаби, кицаби, абиял ва бицанкIаби.

**ТIабигIат берцинаб их**

Ихдалил тIабигIат чIаголъулеб куцалъул, гьелъул берцинлъиялъ гьабулеб асаралъул, ихдалил байрамазул бицунел асарал.

**Нилъер адабият ва маданият**

РухIияб ва материалияб маданияталъул, рукIа-рахъиналъул, захIматалъул, хьвада-чIвадиялъул, адабияталъул хаслъабазул, къагIидабазул, гIадатазул, гIумру гьабулеб куцалъул хIакъалъулъ бицунел асарал. МагIарул устарзабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул (ГIоцIалъ, Унсоколо, РахатIа, ГIанди).

**МугIрузул улка**

Дагъистаналъул мацIазул, халкъазул тарихалъул, эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул (Шамилил, ГъазимухIамадил, ХIамзатил ва гь.ц.) биографиялъул хIакъалъулъ бицунел асарал.

-

**Класс тун къватIисеб цIали**

**ЦIализе кколеб материал.** Аваразул ва цогидал миллатазул рагIул устарзабаз хъварал, лъималазул гIумруялде гIагарал гIисинал асарал. **ЦIалул тематика.** ГIадамазул цоцадехун рукIунел гьоркьорлъабазул, лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхIнамусалъул, рухIияб ва материалияб маданияталъул, рукIа-рахъиналъул, Дагъистаналъул тарихалъул, халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул хIакъалъулъ бицунел асарал.

**ТIехьалъулгун гьабулеб хIалтIи.** Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола:

- лъималазул гIумруялда хурхараб тIехь балагьизе ва жидецаго цIализе;
- лъагIалил т1оцебесеб бащалъиялда анкьида жаниб 3–6 гьумералде, лъагIалил к1иабилеб бащалъиялда 15–20 гьумералде рахарал асарал цIализе;
- цIалараб жоялъул къокъго хIасил бицине;
- мугIалимас кьураб ялъуни жидецаго гIуцIараб планалда рекъон героясул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе.

**Адабияталъул теориялъул хIакъалъулъ лъазе кколел авалиял баянал (практикияб къагIидаялъ лъазаризе)**

ПасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатал, ай *синонимал, антонимал, эпитетал, дандекквеял, метафорал, олицетворениял* текстальулъ рати ва практикияб къагIидаялъ гьел ратIа гьаризе лъай (мугIалимасул кумекалдалъун).

-

Художествиял асар, *рагІул искусство, автор (хабар бицине гьунар бугев чи, хабар бицунев чи), тема, герой (гьесул сипат-сурат, гьес гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби, гьесул калам); героялдехун авторасул бугеб бербалагьи* гІадал литературиял бичІчІиял лъай (мугІалимасул кумекалдалъун).

Хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул гІуцІиялъул хаслъабазул хІакъалъулъ гІаммаб бичІчІи щвей. Прозаялъулаб (харбихъего хъвараб) ва шигІрияб калам, шигІрияб асаралъул хаслъаби рихьизари (ритм /гьаракь рекъей/, рифма).

Асаразул жанр. КІалзул гьунаралъул халкъиял ва авторасул асарал (ратІарахъизе).

КІалзул гьунаралъул халкъиял асаразул гьитІинал жанрал (кинидухъ ахІулел кучІдул, абиял, кицаби, бицанкІаби ва абундачал): гьезул магІна бичІчІи, гьел цоцаздаса ратІарахъизе лъай.

ХІайваназул, рукІа-рахъиналъулал ва гІажаибал маргьаби. Маргьабазул художествиял хаслъаби: маргьадулаб герой, пасихІал, рекІелъе ротулел мацІалъул алатал, гІуцІи. Литературияб (авторасул) маргьа.

Хабар, кечІ – жанраялъул, гьезул гІуцІиялъул хІакъалъулъ гІаммаб бичІчІи.

## Творческияб хІалтІи

ЦІаларал асаразда релълъарал харбал гІуцІи яги маргьабиургъи, сипатияб яги пикрияб цо-цо рахъ хабаралъулъ ккезаби; мугІалимасул суалазул кумекалдалъун маргьаялъул сюжет гІатІид гьаби.

Литературияб асар, роладеги бикьун, цІали; гьелъул инсценировка гьаби, гьеб пасихІго цІали ва мацІалъул ресаздалъун асаралъул хІакъалъулъ бицин, хисараб тексталда тІад гьабулеб хІалтІул батІи-батІиял

-

къагIидабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьездаса пайда боси (гIиллаябгин хIасилалъул бухьен чIезаби, рукIарахъиналъул тартиб ва хIалтIи гьабиялъул этапал цIуни).

**ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН**

**4 КЛАСС (34 саг1ат, анкьида жаниб 1 саг1ат)**

| № | Дарсил тема | Темаялъе баян | Саг1ат | Бихьизабураб къо | | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Программияб къо | Х1ужжаялъул къо | |
| 1. | Маг1арулал. Ц1алдохъан. Х1адисил ирсилав. Русланги Людмилаги. | Литературияб ц1алул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шарт1иял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъайхъвай гьаби. Словарь. Темаялда лъураб ц1аралъулгун лъайхъвай гьаби. Текст мух1канго жиндирго раг1абаздалъун бицин. Асаралъул героясе характеристика кьей. Текст бут1абазде биххи ва гьезие ц1арал кьей. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | 1 | | | Гьум. 3-12 «Маг1арулал» рек1ехъе лъазабизе. Хабаралъул къокъаб х1асил бицине лъазабизе. Кеч1 пасих1го ц1ализе лъазабизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 2. | Риидахъ балагьун йиго мун, эбел. Хъах1илаб ц1ад. Хасалихълъи. Муг1рузул сухъмахъал. Авар миллаталъул нек1о заманалъул харбалги бат1и-бат1иял куч1дулги. Хасалихълъи. | Риидалил т1абиг1ат цебеч1езабулел асарал. Риидал лъимал х1алт1араб, гьез х1ухьбахъи гьабураб куцалъул х1акъалъулъ харбал, куч1дул, гара-ч1вариял. Асаразул героязе характеристика кьей. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | 1 | | | Гьум. 12-22 Хабаралъул къокъаб х1асил бицине лъазабизе Куч1дул пасих1го ц1ализе лъазаризе. «Хасалихълъи» рек1ехъе лъазабизе. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 3. | Ц1унц1ра. Къарумги сахаватги. «Гъимлару» рагъ. Пионер Лёня. Бац1ил кеч1. | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Маг1арулазул хъвадарухъабазул г1агараб Ват1аналъул сипат-сурат цебе ч1езабулел т1абигIат ц1унизе ккей загьир гьабулел асарал. Текстал пасих1го ц1али. Асаразул жанрал. Асаразул аслияб маг1на. Художествияб тесталъул кьуч1алда хабар г1уц1и. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | 1 | | | Гьум. 24-38 Кеч1 пасих1го ц1ализе лъазабизе. Маргьадул къокъаб х1асил бицине. Кьурал суалазе жавабал кьезе х1адурлъизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 4. | Церги бакьучги. Гьудуллъиялда хурхарал кицаби ва абиял. Гьудулгьалмагълъиялъул х1акъалъулъ кицаби. Т1абиг1аталдехун маг1арулазул бербалагьи. Сордо лъик1. | Т1абиг1ат ц1унниялъул х1акъалъулъ халкъиял асарал: кицаби, маргьаби, бицанк1аби. Т1абиг1ат ц1унизе ккей загьир гьабулел асарал. Т1абиг1аталда кколел хисабасиял. Гьезул бугеб к1вар. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | 1 | | | Гьум. 39-54 Т1аса рищун кицаби лъазаризе. Маргьаялъул къокъаб х1асил бицине лъазабизе. |
| 5. | Х1икмат. Маккалги чанахъанги. Царал бох. Г1унк1к1азулги кутузулги хабар. Гьит1инав найихъан. | Текст пасих1го ц1ализе, ц1алулаго бит1ун абиялъул ва интонациялъул нормаби ц1уни, ц1алиялъул мурад бич1ч1и. Асаразул жанрал ч1езари. Асаразул аслияб маг1на бич1ч1и. Жидерго пикру загьир гьаби. Асаралъе кьураб ц1аралъул анализ гьаби. Асаралъул героясе къимат кьей. Хабаралъул рух1ияб бечелъи бихьизаби. Тема ч1езаби. Текст бут1абазде биххи. | 1 | | | Гьум. 55-63 Маргьабазул къокъал х1асилал рицине лъазаризе. Кеч1 пасих1го ц1ализе лъазабизе. Кьурал суалазе жавабал кьезе х1адурлъизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 6. | Гъабигъанги гьобоги. Щай дунялалда гьадиг1ан лъик1 бугеб? Г1ака г1одараб куц. Ват1ан. | Г1агараб т1абигIат, рух1ч1аголъаби ва рохьал ц1униялъул х1акъалъулъ рицунел харбал. Художествияб асар г1енеккун бич1ч1и, жидерго пикру загьир гьаби. Х1айванаде ва цоги бат1и-бат1иял рух1ч1аголъиязде г1адамазул бербалагьи. Ват1аналъул къадру борхатго ц1унизе ккеялда т1ад х1алт1и | 1 | | | Гьум. 67-77 Хабаразул къокъал х1асилал рицине лъазаризе. «Ват1ан» рек1ехъе лъазабизе. |
| 7. | Эбелги т1инч1ги. Лъарал г1умру. К1удил маргьа. Ц1одорав вас. | Темаялда лъураб ц1аралъулгун лъай-хъвай гьаби. Художествияб асар бич1ч1и; гъалат1ал риччач1ого, текстал ц1али. ГIагараб т1абиг1ат, рух1ч1аголъаби ва рохьал ц1унияльул х1акъалъулъ рицунел харбал. Жидерго пикру загьир гьаби. Асаралъе кьураб ц1аралъул анализ гьаби. Хабаралъул рух1ияб бечелъи бихьизаби. | 1 | | | Гьум. 77-92 Хабаразул ва маргьабазул къокъал х1асилал рицине лъазаризе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 8. | Сандук1. Рек1еда вати. Адаб. Дида гьикъани, дица абила… Гьудуллъи. Нилъер умумузул г1акълаби. | Г1адамазул гьоркьорлъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъик1абги квешабги хьвада-ч1вадиялъул, ях1-намусалъул х1акъалъулъ рицунел харбал ва куч1дул. | 1 | | | Гьум. 93-107 Хабаразул къокъал х1асилал рицине лъазаризе. «Адаб» рек1ехъе лъазабизе. |
| 9. | Гьудуллъиялъул кеч1. Бищунго къуватаб ярагъ. | Художествияб асар пасих1го ц1ализе ва гьелъул х1асил г1енеккун бич1ч1и. Авторасул тексталдаса пайдаги босун, вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул х1акъалъулъ хабар г1уц1и. | 1 | | | Гьум. 109-115 Кеч1 пасих1го ц1ализе лъазабизе. Хабаралъул къокъаб х1асил бицине лъазабизе. |
| 10. | Гьудул. Гьудуллъи лъилгун кквелеб? Гьудул г1емерасе талих1аб дунял. | Халкъазул вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул бицунел куч1дул. Асаралда т1асан жиндирго пикру загьир гьаби. Асаразул героязул ишазе къимат кьей. | 1 | | | Гьум. 116-119 Куч1дул пасих1го ц1ализе лъазаризе. Кьурал суалазе жавабал кьезе х1адурлъизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 11. | Маг1арулай. Къисас. Хинаб хасел. «Г1урхьо». Ихги хаселги. | Хасалил т1абиг1аталъул х1акъалъулъ раг1ул устарзабаз хъварал асарал. Куч1дул дандекквей, гьел рек1ехъе лъазари. Хасалил т1абиг1аталъул суратал рахъи.Ц1алараб асаралда т1асан жиндирго пикру загьир гьаби. Асаразул героязул ишазе къимат кьей. Щвараб лъаялъе къимат кьей. | 1 | | | Гьум. 120-133 Хабарахул къокъал х1асилал рицине лъазаризе. «Хинаб хасел» рек1ехъе лъазабизе. |
| 12. | Г1адилал-Самудилал. Хъах1илаб ц1ад. Хасел. Г1айнал макьу. Гьит1инаб ёлка. | Хасалил т1абиг1аталъул х1акъалъулъ раг1ул устарзабаз хъварал асарал. Героязул г1амалхасияталъе ва раг1абазе къимат кьей. Х1асилалда т1асан кьурал суалазе къокъго жавабал кьей. | 1 | | | Гьум. 134-144 Къокъаб х1асил бицине лъазабизе. |
| 13. | Бищунго кутакаб жо. Гьабигьанасул лъимал. | Г1умруялдехун, г1адамаздехун ва т1абиг1аталдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьаби. Героязул г1амал-хасияталъе ва раг1абазе къимат кьей. | 1 | | | Гьум. 145-151 Къокъаб х1асил бицине лъазабизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 14. | Бит1арабиц. Ралъад щай хъудулеб? Бакъулги Моц1ролги къец. Бакъуе лагълъи гьаби кин байбихьараб? Сих1ирлъи лъие кьураб? | Темаялда лъураб ц1аралъулгун лъай-хъвай гьаби. Асарал ц1ализе ва ц1аларал асаразул х1асил г1енеккун бич1ч1и. Аслиял лъугьа-бахъиназде балагьун, маргьаялъул план г1уц1и. Планалда рекъон мух1канго яги т1асабищун маргьаялъул х1асил бицин. Темаялда т1асан щвараб лъаялъе жинцаго къимат лъезе. Планалда рекъон мух1канго яги т1аса бищун маргьаялъул х1асил бицине. Темаялда т1асан щвараб лъаялъе жинцаго къимат лъей. | 1 | | | Гьум. 154-166 Къокъаб х1асил бицине лъазабизе. |
| 15. | Х1амаги оцги. Бесдалав. Кицаби ва абиял. Их. Цер ва бакъ. Их. Их. Ихдалил кеч1. Чиярал. | Аваразул ва цогидал миллатазул маргьаби, кицаби, абиял. Халкъиял ва литературиял маргьаби дандекквей. Текстазул тайпаби. Литературиял маргьабазул хаслъаби. Темаялда лъураб ц1аралъулгун лъай-хъвай гьаби. Ихдалил т1абиг1ат ч1аголъулеб куцалъул, гьелъул берцинлъиялъ гьабулеб асаралъул, ихдалил байрамазул бицунел асарал. | 1 | | | Гьум. 167-186 Кицаби ва абиял лъазаризе. Маргьабазул къокъал х1асилал рицине лъазаризе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Ихдалил т1абиг1ат ч1аголъулеб куц бицунел асарал. Аслияб пикру жидерго раг1абаздалъун загьир гьаби. Щвараб лъаялъе къимат кьей. | | | | |
| 16. | Къвалул хоро. Рахъухъирщ. Меседил к1укьмахх. Гьайбатав инсан, г1ажаибав тохтур. Адабияталъул машгьурав зах1матчи. Узун-х1ажил х1акъалъулъ чанго раг1и. | Асаразул героязе характеристика кьей. Текст бут1абазде биххи. Асаразулъ ихдалил г1аламатал рихьизари, ихдалил т1абиг1аталъул сурат бахъи. Темаялда лъураб ц1аралъулгун лъай-хъвай гьаби. К1удиял асаразул х1асил жидерго раг1абаздалъун ц1идасан бицин. Рух1ияб ва материалияб маданияталъул, рукIарахъиналъул, зах1маталъул, хьвадач1вадиялъул, адабияталъул хаслъабазул, къаг1идабазул, г1адатазул, г1умру гьабулеб куцалъул х1акъалъулъ бицунел асарал. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | 1 | | | Гьум. 186-210 Къокъаб х1асил бицине лъазабизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 17. | Исаак Ньютонги вехьги. Маг1арул росу. Нилъер районал. Авар литературияб мац1ги, брлмац1ги, диалекталги. Шамил. Шамилиде. Гъазимух1амад Хунзахъе богун ин. Шамил имам асирлъуде ккей. Маг1арул халкъалъул мац1ал. | Вехьасулги к1удияв г1алимчиясулги г1акълабазул накъит. Дагъистаналъул мац1азул, халкъазул тарихалъул, эркенлъиялъе г1оло къеркьарал бах1арзазул (Шамилил, Гъазимух1амадил, Х1амзатил ва гь.ц.) биографиялъул х1акъалъулъ бицунел асарал. | 1 | | | Гъум. 211-235 Хабаралъул къокъаб х1асил бицине лъазабизе. Кеч1 пасих1го ц1ализе лъазабизе. |